



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 7 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINANSMAN POU PWOGRAM FÒMASYON ENÈJI PWÒP POU LEKÒL SEGONDÈ YO

Aprantisaj ki baze sou STEM pral ofri elèv yo konpetans pou preparayson kolèj ak karyè

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse prim ki totalize \$1.1 milyon dola pou senk pwogram fòmasyon enèji pwòp ki pral ede prepare elèv lekòl segondè yo pou edikasyon apre segondè ak karyè nan enèji efikas, enèji renouvlab, ak teknoloji avanse. Finansman yo nan liy avèk vizyon nivo enèji pwòp ak favorize yon mendèv enèji pwòp nan sipòte fòmasyon pou syans, teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM).

“New York te investi nan endistri demen yo e kounye a nap prepare elèv nou yo pou travay demen yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwogram fòmasyon sa yo pral bay jèn Nouyòkè yo yon chemen pou opòtinite travay enteresan la nan eta nou an. Pwogram sa a pral kontinye fè New York vini yon lidè nasyonal nan endistri enèji pwòp ak teknoloji.”

Fòmasyon nan STEM entegre divès apwòch nan delivre kontni enèji ki baze sou STEM pou elèv lekòl segondè yo, enkli yon karyè ak eksperyans edikasyon teknik, Pwogram Lekòl Segondè Kolèj Bonè (ECHS) ak pwogram eksplorayson karyè nan enèji efikas, enèji renouvlab ak teknoloji avanse. Pri yo te fèt atravè yon solisitasyon konpetitif e yo administre pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (NYSERDA).

PDG NYSERDA John B. Rhodes te deklare, “Finansman sa a pral ede ranfòse tiyo akademik soti nan lekòl segondè pou rive a kolèj pase nan karyè ak bay plis posibilite pou elèv yo ki enterese nan domèn enèji pwòp. Pwogram sa yo souliye kijan eta sou administrasyon Gouvènè Cuomo, ap fè edikasyon STEM yon priyorite ak rekonèt enpòtans li nan ede elèv nou yo reyisi nan ekonomi global 21yèm syèk la.”

Finansman sa yo te atribye a òganizasyon ki annaprè yo:

- **Depatman Edikasyon Vil New York, Biwo preparayson Etid Apre-Segondè (\$399,000):**

Fòmasyon pou yon total apeprè 480 elèv ki nan klas 9-12^{yèm} ane nan kat lekòl vil New York: Lekòl Segondè Energy Tech, lekòl Segondè pou Enèji ak Teknoloji, Coop Tech, ak High School for Construction Trades, jeni, ak Achitekti; endistri sètifikasyon pou elèv ki

elijib yo; fòmasyon pou pwofesè yo, oryantasyon konseye yo, ak pèsònèl; karyè devlopman pou etabli koneksyon a anplwayè lokal enèji-pwòp yo; pwojè lekòl dirab ki pral mennen nan konesans enèji ak chanjman konpòtman nan lekòl ak nan kay; ak entegrasyon kourikoulòm enèji nan pwogramasyon chak lekòl.

- **Distri Lekòl Ballston Spa Central, nan kapital rejyon an (\$200,000):**

Fòmasyon pou yon estimasyon 110 elèv atravè pwogram ECHS endistri dirabilite ak teknoloji pwòp ki egziste deja, kote elèv premye ak dènye ane nan lekòl segondè yo ap resevwa kredi kolèj an kolaborasyon avèk kolèj kominotè Hudson Valley (HVCC); ekspansyon pwogram ECHS pou enkli patisipasyon a peprè 60 elèv nan klas 9-10^{yèm} ane pandan ane lekòl 2014-15; ogmante piblisite pwogram lan a jèn ki a risk ak sa ki sou-reprezante yo; eksperyans nan travay, konsèy, ak eksperyans nan domèn biznis/endistri; konsantre sou domèn ki gen rapò a STEM ak yon anfas sou preparasyon pou sètifikasyon endistri yo ak pwogram diplòm dezan ak/oswa katran; ak devlopman yon pi bon fòmasyon pèsònèl ak yon sit modèl pou fòmasyon pwofesè yo.

- **Distri Lekòl Vil Buffalo (\$199,000):**

Fòmasyon pou yon total a peprè 126 elèv nan klas 10 jiska 12^{yèm} ane nan pwogram ki annaprè yo: Teknoloji vè nan Olmsted High School nan Kensington, Elektrisite nan McKinley High School, ak Chofaj, Vantilsyon, ak Klimatizasyon nan McKinley High; opòtinite pou elèv lekòl segondè yo resevwa kredi kolèj an kolaborasyon avèk Kolèj Kominotè Erie ak Inivèsite State Inivèsite New York (SUNY) Kolèj Teknoloji nan Alfred; eksperyans travay, konsèy ak eksperyans aprantisaj ki baze sou travay; fòmasyon pou elèv lekòl pre-segondè yo ak oryantasyon pèsònèl sou edikasyon enèji pwòp ak opòtinite nan karyè; ak fòmasyon pou pwofesè yo nan dènye avansman nan matyè efikasite enèjetik, enèji renouvlab, ak teknoloji avanse.

- **Rensselaer, Columbia, Greene Board Sèvis Edikasyonèl Koperativ (Questar III) (\$199,000):**

Fòmasyon pou yon estimasyon 125 elèv nan klas 9-12^{yèm} ane nan sit ki annaprè yo: Sant Edikasyonèl Rensselaer, Columbia Greene Educational Center, Tech Valley High School, ak Rensselaer High School; devlopman pwojè ki baze sou kourikoulòm entegrasyon vityèl ak egzèsis eksperyans manyèl nan enèji efikas, enèji renouvlab, ak teknoloji avanse; kolaborasyon avèk SUNY Morrisville pou kreye ak ofri kou sou entènèt pou bay kredi kolèj pou elèv lekòl segondè yo; kontinye travay avèk HVCC, pèmèt elèv lekòl segondè yo resevwa kredi kolèj; prezantasyon endistri; eksperyans travay, ak konseye sou opòtinite yo; ak devlopman pèsònèl pou pwofesè lekòl segondè yo.

- **Distri Lekòl Copenhagen Central, Rejyon Nò Peyi a (\$200,000):**

Fòmasyon an pou a peprè 100 elèv nan kat lekòl: Copenhagen Central School, LaFargeville Central School, Belleville Henderson Central School, ak Lyme Central School; devlopman ak aplikasyon kredi kolèj kou sou entènèt an kolaborasyon avèk Jefferson

Community College ak SUNY Canton; ak kou sou entènèt enèji dirab pou lekòl segondè pou pilote nan Copenhagen Central School District; devlopman atelye travay pou pèsonèl pwofesè lekò pre-segondè ak segondè, Koperativ Ekstansyon edikatè, ak volontè yo; eksperyans travay, konsèy, ak opòtinite estaj pou elèv yo; ak Senpozyòm Enèji Kominotè yonsèl jou.

NYSERDA te sipòte enèji efikas ak devlopman mendèv enèji renouvlab ak inisyativ fòmasyon depi 1998, te fòme plis pase 30,000 patisipan, e li te gen yon rezo plis pase 70 founisè fòmasyon enèji pwòp nan eta, sa ki gen ladan kolèj kominotè, Inivèsite Eta New York (SUNY), Inivèsite Vil New York (CUNY), Konsèy Koperatif Sèvis Edikasyonèl (BOCES), ak òganizasyon fòmasyon a bi non likratif yo. Devlopman mendèv ak inisyativ fòmasyon gen ladan fòmasyon teknik debaz ak avanse, chemen karyè, fòmasyon nan travay, estaj ak aprantisaj. NYSERDA te bay plis pase \$39 milyon dola nan 2006 – 2011 pou fòmasyon devlopman mendèv avèk \$43 milyon dola ki planifye pou 2012- 2016.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram devlopman mendèv ak fòmasyon NYSERDA, vizite <http://www.nyserda.ny.gov/workforce>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418